Pou Piblikasyon Imedya: 15/12/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPIS SUNY TE RESEVWA PLIS PASE 9 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU SIPÒTE SIKSÈ ETIDYAN YO

Finansman Sibvansyon Tit III ede kanpis yo ogmante kapasite yo pou sèvi etidyan ki gen revni ba yo nan pakou yo pou yon diplòm inivèsitè

Finansman Sibvansyon Tit V la pèmèt enstitisyon ispanik yo ogmante opòtinite edikatif pou etidyan yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) Etazini te bay kat kanpis State University of New York plis pase 9 milyon dola nan finansman federal pou sipòte siksè etidyan yo pou rive gen yon diplòm inivèsitè. SUNY Oswego, SUNY Erie Community College ak Fulton-Montgomery Community College te resevwa sibvansyon Pwogram Ranfòsman Enstitisyon Tit III, ak SUNY Westchester Community College yon sibvansyon Pwogram Devlopman Enstitisyon k ap Sèvi Ispanik (Hispanic-Serving Institutions, HSI) Tit V.

"Aksè a bon jan kalite edikasyon siperyè piblik abòdab gen kapasite pou transfòme lavi epi mete jèn Nouyòkè nou yo sou chemen siksè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a finansman enpòtan sa a ki soti nan Depatman Edikasyon, nou kontinye fè envestisman transfòmatè atravè sistèm SUNY an ki pral elimine obstak yo epi ogmante aksè nan edikasyon siperyè".

Kòm rezilta envestisman istorik Gouvènè a fè ane sa a nan SUNY atravè Fon Transfòmatè SUNY an, kanpis yo ap agrandi sèvis konplè tankou konsèy, transpò, gadri ak asistans finansye. Sibvansyon yo bay yo baze sou travay sa a.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Edikasyon siperyè jwe yon wòl enpòtan nan bay divès opòtinite edikatif pou tout moun, soti nan fakilte kominotè rive nan enstitisyon kat ane. Envestisman ki soti nan sibvansyon Tit III ak V yo pral ede konstwi sou kapasite SUNY Oswego, SUNY Erie, Fulton-Montgomery, ak Westchester Community College pou ogmante aksè nan edikasyon siperyè pou etidyan ki soti nan fanmi ki gen revni ba yo. Felisitasyon pou chak nan kat enstitisyon k ap resevwa sibvansyon sa yo paske yo se yon temwayaj sou angajman enkondisyonèl enstitisyon yo pou asire yon anviwònman edikasyon ekitab ak divèsifye".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Lekòl SUNY yo bay plizyè milye etidyan atravè New York yon edikasyon siperyè solid ak opòtinite enpòtan pou jwenn travay ki byen peye. Finansman Depatman Edikasyon sa a pral ede bay etidyan ki dèyè diplòm inivèsitè yo sèvis sipò ki enpòtan anpil. Mwen fyè pou m wè envestisman Depatman Edikasyon sa a nan lekòl SUNY yo epi m ap kontinye goumen pou asire tout etidyan nan New York gen resous yo bezwen pou yo reyisi".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Envestisman federal sa a nan lekòl SUNY yo, ki gen ladan plis pase 2 milyon dola pou ECC, mete etidyan yo sou wout pou yo jwenn opòtinite ak siksè sou mache travay la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye konsantre sou rann edikasyon aksesib pou tout moun epi pou ranfòse ekonomi an atravè yon mendèv kalifye".

Fakilte yo nan peyi a sibi yon revizyon solid Depatman Edikasyon Etazini an fè pou yo konsidere yo pou sibvansyon sa yo ke yo dèyè yo anpil. Sibvansyon Pwogram Ranfòsman Enstitisyon yo bay lajan pou amelyore ak ranfòse kalite akademik yon enstitisyon, jesyon enstitisyonèl ak estabilite fiskal. Lajan yo ka itilize pou planifikasyon, devlopman fakilte, etabli fon dotasyon, jesyon administratif ak devlopman ak amelyorasyon pwogram akademik yo. Lòt pwojè yo enkli itilizasyon ansanm enstalasyon ansèyman, konstriksyon, antretyen, ak pwogram sèvis pou etidyan yo ki fèt pou amelyore siksè akademik.

SUNY Oswego
SUNY Oswego pral itilize prèske 1.9 milyon dola nan finansman sibvansyon Tit III pou "Pwojè Ekite pou Siksè Etidyan" sou kanpis la. Pwojè a fèt pou ranfòse angajman SUNY Oswego pou l angaje, kenbe, ak gradye tout etidyan Oswego yo lè li konble diferans ekite nan siksè akademik etidyan yo. Nan pwojè sa a, lakou lekòl la pral devlope epi aplike estrateji ki baze sou prèv pou konstwi yon kominote enklizif, amelyore siksè akademik, ak ogmante aksè finansye pou tout etidyan yo epi sitou pou etidyan premye ane ak etidyan ki soti nan zòn defavorize yo. SUNY Oswego pral sible siksè etidyan yo nan salklas la atravè devlopman kò pwofesè nan pedagoji enklizif ak bati yon pwogram inovatè, entegre leson patikilye ant kamarad nan kou matematik nivo debitan. SUNY Oswego pral sipòte tou aksè finansye pou tout etidyan yo atravè lansman yon pwogram leson patikilye ant kamarad sou enfòmasyon finansye ki reponn a bezwen etidyan yo, devlope yon estrateji bousdetid global ki pi byen sipòte elèv defavorize yo, epi devlope yon pwogram pòtfèy pou kredi pou aprantisaj anvan yo pou diminye pakou pou rive nan gradyasyon.

Prezidan SUNY Oswego, Peter O. Nwosu, te deklare, "Mwen kontan dèske nou se yon benefisyè ki resevwa gwo sibvansyon sa a, ki pral sipòte aksè a misyon opòtinite nou an epi amelyore eksperyans etidyan yo nan enstitisyon nou an. Siksè etidyan yo se yon responsablite kolektif nan SUNY Oswego, epi sibvansyon sa a bay resous ki nesesè pou fè avanse plis *Pwomès Oswego* pou transfòme lavi yo ak pwovoke nouvo posiblite yo".

SUNY Erie Community College

SUNY Erie planifye pou l itilize sibvansyon 2.2 milyon dola sou senkan pou amelyore pwogram "Kapasite pou W Kòmanse Isit la ak Ale Nenpòt Kote" (Ability to Start Here and Go Anywhere) yo. Pwojè a aliyen ak vizyon SUNY Erie pou l sèvi kòm yon resous aprantisaj inovatè ki ankouraje otonomi etidyan, divèsite ak apatenans ak siksè nan karyè etidyan yo. Sibvansyon SIP Tit III a pral pèmèt SUNY Erie egzekite estrateji ki baze sou rechèch pou ogmante patisipasyon nan oryantasyon, ankouraje etidyan yo fini kou gadyen (gatekeeper) an, ogmante pousantaj retansyon, ak amelyore rezilta gradyasyon—espesyalman pou etidyan minorite, premye jenerasyon epi ki defavorize ekonomikman. Ansanm, inisyativ sa yo sipòte dirèkteman efò fakilte a pou ogmante pousantaj gradyasyon yo. SUNY Erie espere egzekite inisyativ sibvansyon yo ansanm ak etidyan, pwofesè, anplwaye ak patnè kominote yo pandan senk pwochen jenerasyon yo.

Prezidan SUNY Erie Community College, Adiam Tsegai, te deklare, "Nou rekonesan anpil dèske atravè yon revizyon solid, Depatman Edikasyon an rekonèt enstitisyon nou yo, edikatè yo ak etidyan yo k ap aprann yo kòm devwe pou pèmèt etidyan yo reyisi. Etidyan nou yo montre devouman enkwayab ak pèsistans nan pouswiv objektif akademik yo ak simonte plizyè defi sou wout la. Sibvansyon Tit III ak Tit V yo pral pèmèt nou kontinye aplike misyon nou pou ede tout etidyan yo simonte obstak yo epi transfòme lavi yo atravè edikasyon".

Fulton-Montgomery Community College
Fulton-Montgomery Community College planifye pou itilize prèske 2.2 milyon dola nan sibvansyon pou amelyore reyisit, siksè ak achèvman etidyan yo; Ranfòse koleksyon done ak kapasite rechèch enstitisyonèl nan "Pwofite Diferans FMCC pou Favorize yon Kilti Angaje ak Baze sou Done". Fulton-Montgomery te konsevwa yon pwojè ki pral transfòme pwogram akademik fakilte a, jesyon enstitisyonèl ak estabilite fiskal la. Estrateji ak aktivite ki sèvi objektif sa yo pral ede Fulton-Montgomery rive gen oto-sifizans epi asire li rete yon resous edikatif ak kominotè enpòtan pou gwo Mohawk Valley.

Prezidan Fulton–Montgomery Community College, Greg Truckenmiller, te deklare, "SIbvansyon Tit III ki soti nan Depatman Edikasyon Etazini an pral ogmante plis kapasite nou pou bay tout etidyan yon eksperyans ekitab pou tout etidyan yo lè li bay plis aksè, sipò ak opòtinite konplè nan aktivite akademik ak karyè yo. Sibvansyon Tit III sa a, ansanm ak plan estratejik aktyèl nou an, baze sou amelyore opòtinite akademik ak devlopman ekonomik pou konte Fulton ak Montgomery".

Pwogram Devlopman Enstitisyon k ap Sèvis Ispanik yo bay Enstitisyon k ap Sèvi Ispanik yo (Hispanic Serving Institutions, HSI) sibvansyon pou ogmante opòtintie edikatif yo ak amelyore rezilta etidyan Ispanik yo. Finansman sibvansyon an pèmèt HSI yo elaji ak amelyore òf akademik yo, kalite pwogram yo ak estabilite enstitisyonèl yo. Enstitisyon yo dwe deziyen kòm Enstitisyon k ap Sèvis Ispanik yo pou yo aplike pou pwogram Tit V lan.

SUNY Westchester Community College

SUNY Westchester Community College se benefisyè sibvansyon Tit V pou Devlopman Enstitisyon k ap Sèvi Ispanik yo nan men Depatman Edikasyon Etazini an. Pwogram nan ogmante opòtinite edikatif yo pou etidyan yo atravè òf akademik, kalite pwogram ak estabilite enstitisyonèl nan fakilte ak inivèsite ki deziyen kòm Enstitisyon k ap Sèvi Ispanik yo. SUNY Westchester pral itilize 2.9 milyon dola nan finansman sibvansyon pou ogmante enskripsyon nan pwogram Viking ROADS li a, aplike atelye "Byenvini, Kontinye ak Konplete" ak sansibilizasyon pou ogmante retansyon, konplete ak transfere etidyan Ispanik ak etidyan ki gen revni ba yo. SUNY Westchester se te premye enstitisyon SUNY ki te deziyen kòm yon HSI. Nan moman an, SUNY gen uit enstitisyon HSI.

Prezidan SUNY Westchester Community College, Belinda Miles, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou se benefisyè nouvo sibvansyon sa a. Li baze sou yon gwo kantite travay ki baze sou prèv ki gen gwo enpak ki deja ap fèt sou kanpis nou an epi ki pèmèt nou elaji anpil pwogram Viking ROADS nou an ki prèske triple pousantaj gradyasyon pou etidyan nan pwogram nan. Sibvansyon an pèmèt nou tou aplike yon nouvo inisyativ pou kenbe ak konplete, epi tou bay opòtinite enpòtan nan devlopman pwofesyonèl pou pwofesè yo nan reponn bezwen gwoup etidyan divèsifye nou an".

Prezantasyon State University of New York
State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU